

# ENTWODIKSYON GID POU BAY TEMWAYAJ NAN KOMINOTE TOUT MOUN RENMEN AN



EVANGELISM  
INITIATIVES



RACIAL  
RECONCILIATION

THE *Episcopal* CHURCH 

*“Ki sa ki fè moun konprann sa n ap di a lè w ap bay yon temwayaj.”*  
Michael de Certeau

Liv Gid pou bay temwayaj nan kominate tout moun renmen an se yon liv ki gen resous ki fèt pou montre plizyè fason nenpòt kominate ki chita sou lafwa kab adopte yon pratik temwayaj ki byen chita nan konteks yo a. Liv gid la ap chache ede kominate moun ki gen lafwa ak endivid pou yo bay temwayaj yo sou kesyon lafwa, kesyon rasyal, ak diferans ant moun nou rankontre nan konteks lavi kreyen an epi nan entèraksyon nou ak lemonn antye. Ou kapab telechaje li oubyen enprime li sou sit sa a:

[www.episcopalchurch.org/storysharing](http://www.episcopalchurch.org/storysharing).

Created by H. Mallette Stephen Se yon sit H. Mallette Stephens ansanm ak Day Smith Pritchett, Stephanie Spellers, Jerusalem Greer, Courtney Cowart ak Ministè pou evanjelizasyon ak Rekonsilyasyon nan Legliz Episkopal la.  
Fevriye 2018

Remèsiman pou Della Pollok, PhD., ak Hudson Vaughan, ki nan Sant Marion Cheek Jackson pou sovgade enfòmasyon istorik epi ede moun kite yon tras nan listwa,  
gras ak bon kè yo, bon konprann yo, jenewozite yo ak ankourajman yo.

Pwojè sa a se yon pwojè yo te reyalize gras ak yon sibvansyon Constable Fund

The Domestic and Foreign Missionary Society  
815 Second Avenue  
New York, NY 10017

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Ministè Evanjelizasyon Legliz Episkopal la ak Vizyon Kominate tout Moun Renmen pou kesyon reparasyon rasyal ak rekonsilyasyon epi jistis, al sou sit sa a: [www.episcopalchurch.org](http://www.episcopalchurch.org)

# Entwodiksyon

*Pa gen youn nan nou ki kab anfòm nèt pou kont li.*

Nan epòk mwen te nan premye ane fondamantal, mwen sonje mwen te konn jwe yon jwèt ak ti frè ak sè m yo, se yon jwèt mwen te kreye ki te rele “Alow Bòb, mèsi pou temwayaj ou a” Nou te konn chita nan yon sèk sou ti chèz ba nou ak kèk nan zanmi nou yo: De twa nounous, kèk jwèt ak kèk lòt bagay. Tout moun ki te nan sèk la—menm nounous yo ak jwèt yo tap kanpe pou yo pale ak gwoup la youn apre lòt. Nou te toujou kòmanse bél diskou nou an ak pawòl sa yo, “Alow, mwen rele Bòb epi mwen gen yon temwayaj.”

“M pa sonje youn nan istwa nou te konn rakonte yo nan sèk sa a, men mwen sonje regleman jwèt la trè byen. Nou chak te gen yon chans pou nou rakonte yon istwa. Lè chak moun fini, li chita epi tout gwoup la te di “Mèsi pou temwayaj ou a, Bòb.”

Yon jou manman nou parèt sou nou pandan nou tap jwe jwèt sa a. Depi jou sa a, Papa n, sispann mennen nou nan reyinyon “Alow Bòb” li yo. Malgre mwen te sispann ale nan reyinyon 12-Etap sa yo, kesyon Bay temwayaj la te fin antre nan san m. Koze sa a te grandi tankou ‘kudzu’ nan istwa Neuse River Basin nan, yon ti jan sovaj epi yon jan paspatou. Ak espryans sa yo ak pasyon epi ak volonte mwen te genyen pou mwen bay temwayaj sa te vin tounen yon vwal ki kouvri tout bagay ki vivan nan lavi m.

Nou konnen distans ki pi kout ant de moun se rakonte yon istwa. Rakonte istwa se yon bagay yon jenerasyon ap pase bay lòt depi nan tan lontan kòm yon mwayen pou edike moun, pou bay moun fòs ak kouray, pou ektere moun k ap tande yo kèkelanswa laj yo. Sa konn rive souvan kote gen yon bagay sakre ki rive nan echanj ant moun k ap temwaye a ak moun k ap koute a. An reyalite, se menm jan an tou Jezikri demonstre nou sa plizyè fwa nan entèyakson li ak moun, toujou gen posiblite pou Bondye kanpe nan mitan nou lè n ap temwaye.

Nan tande youn ap tande temwayaj lòt—sou Bondye, sou gwo gwo espwa yo, sou doulè yo genyen nan fon kè yo—nou aprann plis nan espryans yo epi fè nouvo refleksyon sou pwòp sò pa nou. Sonje yon lè w kote w tandé yon moun te aplike yon istwa nan labib la nan lavi pa li epi toudenkou pasaj sa vin gen yon lòt sans pou wou. An reyalite lè youn ap tande temwayaj lòt sa fè nou youn vin konekte ak lòt yon fason yon tèks biblik pa kab fè sa. Bay temwayaj kraze baryè pou l fè verite etènèl parèt, pou li pwomouwwa travay rekonsilyasyon pèsònèl, fòmasyon ak transfòmasyon.

Premye espryans mwen te fè nan rakonte istwa aprann mwen pa gen youn nan nou ki kab anfòm nèt pou kont li. Nou youn bezwen lòt pou nou viv yon vi ki konplè. Pèp Ebre a nan Ansyen Testaman an te konn sa e yo te konprann jan temwayaj mare moun ansanm epi li mete lyen ant moun tou. Patriyach yo Jij yo, Pwfèt yo te temwaye bay yon pèp ki ann egzil yo jan pwovidans Bondye te delivre yo pandan plizyè fwa.

Jezikri te konprann jan yon istwa kapab detui tou epi ki enflyans li kab genyen. Li te sevi ak istwa pou li te anseye verite etènèl ki te pwofon yon fason ki te efektif anpil. Èske nou sonje parabòl li yo? Moun ki tap ekri levanjil la kopye sou sa. Ak sa yo ranje istwa lavi Jezikri yo yon jan pou kab konprann, soufrans li yo, lanmò li, rezirèksyon li a, ak monte li te monte nan syèl pou yo kab ede nou vin gen konfyans nan Bondye epi renmen li. Anonsiyasyon nesans Jezikri nan levanjil Matye, Batèm Jezikri a nan Mark, chemen Emayis la, fi ki te bò pi a nan levanjil Jan an epi istwa Toma ki te mande pou li foure dwèt li nan blese Jezikri a nan levanjil Jan an – sa yo se istwa ki viv nan kò nou, se gwo kado yo ye Bondye ba nou kote nou kapab retounen nan istwa yo lè nou nan gran tribilasyon oubyen nou nan gwo kè kontan.

Premye kretyen yo te tande istwa sa yo, epi ak letan, yo òganize festival, fèt, ak sèvis rityèl pou nou kapab viv istwa sa yo sou Bondye nan Jezikri. Ane apre ane paj almanak legliz yo fe nou rewè istwa Bondye nan lakreyasyon, nan Lavan, nan Nwèl, nan Epifani, nan karèm, nan Pak, nan Asansyon epi nan jou Lapankot la, Dimanch Latrinite, ak tan òdinè yo (Dimanch apre Dimanch). Sa gide nou jiskaske nou selebre Kris ki wa.

Sezon sa yo pèmèt nou viv istwa yon Bondye ki renmen nou, ki libere nou epi ki ban n lavi ki pap janm fini an.

Mwen grandi nan legliz Episkopal e mwen pase tout viv ap fè laviwonn istwa sou Jezikri a. Lè mwen ap sèvi ak kalandriye legliz la pou m gade aktivite yo sa fè istwa sou Bondye a antre pi fon nan kè mwen. Istwa Jezikri a nan tout mwèl zo mwen. Istwa Jezikri a se istwa pa m e li se istwa pa w tou.

Mwen ankouraje nou pou itilize liv gid sa a paske mwen kwè ak tout kè mwen ni ou menm ni kominote w la gen yon bagay enpòtan pou nou di konsènan ki moun Bondye nan Jezikri ye e se ou menm sèl ki kapab esplike sa. Ou menm ak kominote w la gen yon bagay pou nou di tèt nou kòm pèp Bondye a nan yon monn ki swaf siny renmen rekonsilyasyon an anpil anpil. Temwayaj sa yo se aksyon evanjelizasyon ak rekonsilyasyon ki pi pisan. Mwen espere ou va bay temwayaj pa ou.

Temwayaj nou yo pale de Bondye.

Ak tout senserite,  
*Reveran Hershey Mallette Stephens*  
Fevriye 2018

# **Yon rezime Gid temwayaj la**

Liv gid pou bay temwayaj la gen resous yo rasanble epi yo fè tout espre pou founi plizyè fason pou kominote ki chita sou lafwa yo pou yo adopte pratik bay temwayaj la ki chita nan konteks pa yo. Liv la gen refleksyon ki fèt sou kesyon bay temwayaj la ye, refleksyon pou ki sa yon kongregasyon ta vle fè sa, epi kouman sa gen rapò ak rekonsilyasyon epi evanjelizasyon, ak dizay ki la pou enplimante kesyon pataje istwa nou nan konteks pawasyal la.

Se yon bagay yo fè pou lidè nan legliz yo (klèje ak layik), liv la founi mwayen pou nou konprann pwosesis la, pou yo detekte kouman yo kab entwodui posesis sa a nan fonksyonman legliz la, pou yo kapab bati yon kominote pou lòt moun ki vle ankouraje aktivite bay temwayaj la epi pou pi devan pou yo entegre aktivite sa a nan lavi moun ki nan kominote sa yo ak lòt kongregasyon yo tou. Liv sa a pèmèt lidè yo itilize kreyativite yo inovasyon yo tou.

Liv gid la gen refleksyon yo fè sou Kominote tout moun Renmen an, refleksyon sou evanjelizasyon, ak rekonsilyasyon pou ede lidè legliz la sèvi ak kesyon bay temwayaj la kòm yon pratik pou Mouvman Jezikri a, yon pratik ki bay nou chak yon apèl pou nou suiv Jezikri nan renmen nan libere tèt nou epi bati yon relasyon ki bay lavi ki pap janm fini an ak Bondye ak lòt moun epi avèk anviwonman an.

Gid la gen teknik tou pou montre moun entwodui posesis la nan legliz yo, teknik tankou fè echanj pandan n ap bwè kafe ansanm pou ankouraje moun pou yo fè konvèsasyon epi pou youn bay lòt temwayaj yo. Met sou sa liv gid la ap ede nou prepare seri milti-sesyon pou fòmasyon yo. Liv la ap ede nou prepare ti retrèt kout, ede n prepare kouman pou nou envite yon lòt legliz oubyen yon kominote ki baze sou lafwa pou yo patisipe. Liv la ap ede nou envite patenè ak vwazen nou yo nan bay temwayaj.

Nan bagay sa a gen yon defi devan lidè yo ki chita sou enterè ak lidèchip yo devlope pou yo fè kesyon bay temwayaj la yon abitid nan legliz la. Yo kab fè sa nan reyinyon anyèl yo, nan reyinyon nan chapel yo, nan reyinyon nan ti gwoup yo, nan etid biblik tou kòm yon chemen ki ap pèmèt yo fè disip epi kreye koneksyon nan tout legliz la epi andeyò legliz la tou.

## **Ki diferans ki genyen ant bay temwayaj ak rakonte istwa?**

Rakonte istwa se yon fason pou pèsuade moun, pou konvenk moun, epi pou fè moun konprann kichòy. Rakonte istwa an jeneral se yon aktivite ki sans inik kon sa li kapab sèvi pou yon tranzisyon. Bay temwayaj se yon aktivite ki bati relasyon ant moun ak moun. Se yon aktivite ki konsantre sou envite moun pale epi etabli koneksyon ant moun ak moun. Nan bay temwayaj nou ap bati Kominote tout moun Renmen an, Clarence Skinner rele sa “gason ak fi ki konsakre tèt yo nan chache yon nouvo monn...moun ki bliye tèt yo nan pasyon yo pou yo jwenn yon vi komen kote byennèt tout moun se sousi chak moun.” Bay temwayaj ouvè pòt la pou gen konvèsasyon sensè, pou bati relasyon ki soti nan fon kè n, epi fòme yon kominote ki jis. Nou genyen travay devan n ki mande fòs ak kouray nan bay temwayaj nou e nou espere gen yon moun ki va apresye sa kòm yon bagay ki vrè e ki sen pou nou tou. Nan patisipe n ap patisipe nan espas konpasyon sa a, nan espas kote moun ap tandem nou an, nou ap praktike lavi renmen an.

## **Ki sa Kanpay bay temwayaj nan Kominote tout moun Renmen an ye?**

Kanpay sa a se yon efò tou nèf ki ap ankouraje Episkopalyen yo ak patenè nou yo pou yo antre nan bay temwayaj nan diferan nivo.

- Anndan kongregasyon pa w la, pou w fè lafwa grandi epi kreye relasyon ant moun ak moun
- Ant kongregasyon Episkopalyen, espesyalman pou ankouraje moun ki sot nan diferan ras, ki sot nan diferan kilti, ki sot nan diferan nivo sosyoekonomik, ak moun ki sot nan diferan nivo edikasyon lekòl, moun ki sot nan diferan rejyon jeyografik oubyen sa ki gen diferan pozisyon ideyolojik, ak zanmi tou, vwazen tou epi patenè sivik nou yo. Sa dwe fèt pou ankouraje moun ki sot nan diferan manman kilti nan kongregasyon w lan oubyen nan lavi pèsonèl ou.
- Pandan n ap devlope ladrès nou ak kapasite nou pou nou bay temwayaj, nou vin moun ki kapab geri kè pi byen, rekonsilye lòt pi fèm, epi nou vin tounen anbasadè Kris la toupatou sou latè.

# **Sa ki nan liv Gid pou temwayaj la**

Gid gen plizyè eleman ki fèt tout espre pou li ankouraje lidè legliz la yo nan adopte pratik bay temwayaj la.  
Men resous you....

## **Prensip debaz pou ede nou devlope yon anviwonman ki gen respè ak jistis tankou:**

- Koute moun pou yo kab transfòme w
- Devlope abilite pou w adrese yon pwoblèm
- Fè pawòl moun ki anndan legliz la tounen pawòl tout moun kapab konprann

## **Gid pou animatè k ap dirije aktivite sa yo, tankou ...**

- Esplike gwoop yo teknik yo
- Jere echanj
- Chache konnen ki lè pou w entèvni

## **Bay temwayaj pouse lòt moun bay temwayaj pa yo sou sijè sa yo:**

- Lafwa nan jan legliz la ap fonksyone a
- Lafwa nan anviwonman sekilye
- Kesyon ras ak kesyon idantite
- Diferans ant moun

## **Priyè y ap sijere pou okazyon sa yo**

### **Bagay ki fè tout espre pou okazyon sa yo**

Tèks detaye yo bay moun pou sipòte lidè yo nan enplimante sesyon temwayaj sa yo:

#### **1. Modèl pou esplorasyon: Bay temwayaj senp**

Zouti sa yo aprann moun konsèp bay temwayaj sou Bondye, sou legliz, sou kesyon rasyal sou divèsite ak lòt bagay. Patisipan yo ap vin alèz nan bay temwayaj epi tandé temwayaj nan kontèks legliz la epi nan lòt kote.

#### **2. Modèl pou esplorasyon: Temwayaj nou an nan yon foto**

Modèl sa a sèvi ak foto pawas la pou pouse moun idantife karakteristik bay temwayaj ki la déjà nan yon gwoop, epi envite yo fè plis pase sa.

#### **3. Modèl pou seri fòmasyon yo**

Modèl sa a pèmèt yon legliz esplor epi pèmèt li praktike diferan metòd pou moun bay temwayaj nan yon seri fòmasyon kat a sis semèn. Patisipan yo ankouraje evanjelizasyon ak rekonsilyasyon kòm yon kominote.

#### **4. Modèl pou ti retrèt**

Modèl sa a se yon modèl pou retrèt ki ap dire twazèdtan rive senkèdtan, kote ap gen otobiografi espirityèl. Menm jan ak modèl pou seri fòmasyon an, l ap bay moun yo yon bon jan espèryans nan bay temwayaj.

#### **5. Modèl pou mòd vi**

Modèl sa a pi avanse, li entegre metòd bay temwayaj yo ak aspè vi kongregasyon an: reyinyon komite, aktivite fòmasyon, ak aktivite pou lyezon kominotè, eksetera.

# Teknik pou Bay temwayaj

Liv Gid la bay yon bon jan deskripsyon sou twa teknik pou moun bay temwayaj:

## 1. Rakonte istwa sou pakou nou

Metòd temwayaj sa a se yon metòd ki ap familye pou nenpòt moun ki te kab konn chita an fanmi oubyen ak zanmi pou y ap sonje evènman enpòtan, repase koze istorik epi chante chante ki te la depi lontan. Teknik sa a se yon bon jan fason pou moun ki nan ti gwoup kote youn kab rive konn lòt, pou yo bay temwayaj sou ki sa kominote adorasyon an te vle di pou yo epi pou yo temwaye bay lòt moun ki esperyans yo rive fè ak Lasentete.

## 2. Temwayaj tètatèt

Metòd sa se yon metòd ki ap familye pou nenpòt moun ki te konn patisipe nan lyezon kominotè oubyen kote moun ap pale an piblik. Koze tètatèt la se yon fòma entansyonèl, nan kad yon konvèsasyon ant de moun epi li ede moun rive wè sa yo genyen an komen malgre gen anpil diferans ant yo. Se yon teknik ki etabli yon koneksyon ant motivasyon (pou ki sa nou aji) ak estrateji (fason nou aji) e sa mande pou nou mete tèt nou ansannm ak entansyon pou n tande lòt moun epi ak kè nou byen laj pou n resevwa lòt moun, kon sa nou kapab temwaye epi tande temwayaj lòt moun tou sou bagay ki pi enpòtan yo.

## 3. Rete alekout

Teknik sa se yon teknik ki espesifik epi li ede moun jwenn yon jan pou li tande yon temwayaj epi pou I pataje li ak lòt moun. Se yon teknik yo rekòmande pou moun ki gen esperyans nan bay temwayaj. Sa mande pou patisipan yo tande temwayaj la epi transmèt temwayaj la kòmsi se pa yo li ye. Li ede moun gen konpreyansyon ak konpassyon, men li pa efase diferans ant moun ak moun. Sa mande pou w wè sitiysyon sa a menm jan ak lè nou konn ap li Lasent Ekriti chak fwa nou te konn fè sèvis yo.

## Sipò pou temwayaj nan tout legliz la nèt

1. Entwodiksyon sa a ak tout Gid la se bagay ki disponib pou moun telechaje ann anglè, an panyòl, epi an kreyòl nan [www.episcopalchurch.org/storysharing](http://www.episcopalchurch.org/storysharing).
2. Alatèt pwojè a Hershey Mallette Stephens lan ap fonksyone jiska out 2018 nan ede oryante dyosèz yo pratike ankouraje moun bay temwayaj yo. L ap òganize yon ekip moun k ap trese temwayaj – sis jèn lidè ki poliglòt yo fòme nan bay temwayaj—ki ap viv Ozetazini epi ann Amerik Latin. Depi avril 2018, yo ap disponib pou yo dirije fòmasyon ak oryantasyon nan bay temwayaj. Yo pral mache ranmase temwayaj nan kominote yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sa, kontakte Rev. Stephens nan [storysharing@episcopalchurch.org](mailto:storysharing@episcopalchurch.org).
3. Legliz kote moun ap bay temwayaj se legliz y ap ankouraje pou yo fè efò kontakte lòt ki nan diferan rejyon, ki gen ideyoloji ki differan, ki gen kilti ki differan, epi ki gen gwo diferans ant yo. Depi nan ete 2018, Kat Jeyografik pou Byen Materyèl Legliz Episkopal la ap montre legliz ki enterese nan chache asosye pou bay temwayaj nan differan rejyon gras ak konferans sou entènèt oubyen Facebook Life. Chache “StorySharing” nan [www.episcopalassetmap.org](http://www.episcopalassetmap.org) pou w kab jwenn patenè ki tou pre w oubyen ki byen lwen w.
4. Si w deside anrejistre temwayaj ou pa mwayen dijital oubyen alekri, ministè Evanjelizasyon ak Rekonsilyasyon yo ap ranmase yo sou sit sa a: [storysharing@episcopalchurch.org](mailto:storysharing@episcopalchurch.org). Si w dakò y ap pibliye yo sou sitwèb Legliz Episkopal la ak sit medya sosyal yo kòm yon selebrasyon temwayaj nou yo. Temwayaj yo soumèt yo se temwayaj yo ap kenbe nan Achiv Legliz Episkopal la.

## **ENTWODIKSYON**

### **GID TEMWAYAJ POU KOMINOTE TOUT MOUN RENMEN**

*Gid pou bay temwayaj nou nan bél kominote an se yon liv ki gen resous ki fêt pou montre plizyè fason nenpòt kominote ki chita sou lafwa kab adopte yon pratik temwayaj ki byen chita nan konteks yo a.*

*Telechaje, enprime oswa kopye – liv Gid sa a epi aprann kèk bagay sou lie ak kanpay la –  
nan [www.episcopalchurch.org/storysharing](http://www.episcopalchurch.org/storysharing).*

*Liv gid la ap chache ede kominote moun ki gen lafwa ak endividé pou yo bay temwayaj yo sou kesyon lafwa, kesyon rasyal, ak diferans ant moun nou rankontre nan konteks lavi kretyen an epi nan entèraksyon nou ak lemonn antye. Yo ankouraje legliz Episkopal toupatou pou yo fouye epi pratike kesyon bay Temwayaj la 1) nan kongregasyon an, 2) ant Diferan kongregasyon Episkopal ki pre oswa ki lwen, epi 3) ak zanmi, ak fanmi, ak vwazen, ak kominote kretyen, epi ak patenè nan kominote a.*

*Pandan n ap bay temwayaj, n ap pratike jan pou nou vin Yon Kominate tout moun renmen.*

